


# MUNHU ASINGANZWISIKE

 Ngatirambei takamira kwekanguva. Ishe vanokosha, tinouya muhupo hweNyu hwaMwari zvakare nenzira yemunamato; kutanga, kuti tipe kutenda nekuda kwezvose zvaMakatiitira, uye nekuda kwerudo rukuru rwuri mumoyo yedu kwaMuri pamwe neShoko reNyu. Ishe, vanhu ava, manheru ano, vandinoda nemooyo wangu wose, vazvipira ndokuuya kuzogara mukamuri iri kupisa, nezvimwewo zvakadaro, nokuti vanoda Shoko reNyu.

<sup>2</sup> Uye tauya kuzonamatira vanorwara, manheru ano, Ishe, nevanoshaiwa. Dai pakasava nemunhu ane hutera pakati pedu panopera shumiro ino. Vapei mubairo nekuda kwekutendeka kwavo, Ishe. Taurai nesu kubudikidza neShoko reNyu, mugotisimbisa, Ishe, patiri kufamba, takatakura kuzvidzwa. Mukana mukuru kwazvo kuzviita izvi! Tinokumbira muZita raJesus. Amen. Mungagara henyu pasi.

<sup>3</sup> Handina kugona kuwana mashoko, honguka, okuratidza kutenda kwangu kune boka revanhu rakaita serino, vanouya kuzogara muchivakwa chino. Ndinoda kutaura, kuti, mangwana... Kana kuti, tiri kuzoenda uko kuTopeka, Kansas, kumusangano unotevera, uye uchazopera Svondo inotevera yacho. Uye tinozoenda, tichibva ikoko, kuPhiladelphia.

Uye, zvino, tinofanirwa kunge tiri kuenda mhiri kwemakungwa, kuKenya, neTanganyika, neUganda, kuma—marudzi mukati ikoko. Uye vane kakumukirana izvozvi neboka remaMau Mau. Handikwanise kupinda semumishinari, asi ndichaedza kupindamo semuvhimi. Ndopinda, uye vari kuzvigadzirisa.

<sup>4</sup> Kazhinji, ndinopinda semumishinari ndozoenda kunovhima, panguva ino ndichaenda kunovhima, uye ndozova mumishinari. Saka, ikoko—ikoko, chero nzira ipi zvayo yekupindamo kuenda kwavari. Uye Hama Mattsson-Boze vari pabasa zvino, vachiedza kuti ndipinde, kugadzirira rwendo rwekumasango kuti ndigouyako kuzovhima. Zvino, saka, ndinopinda ndiri parwendo urwu rwekumasango, zvino vanobva vazoti, “Hama Branham vedu vari munyika.” Voenda kuembassy, “Zvingave zvakana here kana tikangoita kumusangano kadiki kunze kuno?” Maona? Zvinobva zvaita kuti itange zvino, uye yongoramba ichienderera mberi. Saka hatizivi kuti zvichadaro here, tichakwanisa kuzviita here, kana kuti kwete. Tiri kuzama. Uye ndakakumbira Ishe, kana chimwe chinhu chikaitika chavasingakwanisi, zvino chichava chiratidzo kwandiri kuti ndinofanira kudzoka kuno kuJeffersonville ndoparidza *Hwamanda Nomwe*, muna Chikunguru kana Nyamavhuvhu, imo munguva yakadaro.

<sup>5</sup> Uye zvakare, kana tikadaro, tiri kuona nhasi, tichaedza kuwana kamuri yechikoro iyi pano ine mhupo inotonhorera, nekuti ingave yakanaka chaizvo uye ichitonhorera. Inogara vanhu 15– kusvika 1,800. Uye ine mhupo inotonhorera, nzvimbo itsva chaiyo, angangoita masikweya 5 kumusoro kweino. Zvino imwe nguva takaikumbira, zvino havana kutitendera kuti tive nayo. Zvino murume akaramba kuti tiiwane akabviswa pabhodhi racho. Saka zvino, murume aripo zvino anoti tinogona kuiwana chero nguva yatinoida. Saka tiri—tiri kufara zvikuru kuiwana. Uye saka tinogona kuzoiwana zvino, uye imwe nguva muna Chikunguru, uye towana...Vangani vachange vachinamata, kana Ishe vachitendera zvino, kana chimwe chinhu chikatirambira?

<sup>6</sup> Munoziva, ndinofarira Arizona. Inyika inoshamisa. Ndakagara ndichishuvira kunge ndiriko.

Kana mukaisimudzira zvishoma, Hama Ben, kana mukadaro, kana yaka...Oo, iyo...Hongu, changamire. Hongu. Kana kuti, angave ani zvake ari pairi, akangoisimudzirawo zvishoma, nekuti ndiri kudzoka kubva mune iya chaiyo... [Mumwe munhu anoti, “Tepi, hama.”—Mupepeti] Mati kudii? [“Angori matepi chete.”] Oo, matepi chete. Oo, heino imwe yacho kumusoro kuno. Ndine hurombo. Zvakanaka, Hama Ben. Saka ini... .

<sup>7</sup> Ndichidzoka kubva kuArizona, ndichipinda muno, zvinondiita kuti nditi shoshomei zvishoma, nekuda kwekushanduka kwemamiriro ekunze. Kuno tinowana zvikamu zvingaite 87 kusvika 90 kubva muzana, uye dzimwe nguva mhupo yose hayo yakazara, nehunyoro. Zvino ikoko hunosvika kuzero, uyezve dzimwe nguva, panguva zhinji, chikamu 1 kubva mu 20 chechikamu 1 kubva muzana chehunyoro hwemhupo. Unenge uri kungorarama pasi petende reokisijeni. Zvino wobuda kubva mariri, wouya kuno, unoziva kuti zvinoitira mutsauko wakakura zvakadii mauri. Saka zvinokuvhiringa izwi, nezvimwe zvakadaro.

Idhonzerei payanga iri, kana mukadaro, Hama Ben. Ndavhiringidza pakuidhonzera kumusoro. Ndafunga kuti ndizvozvo, asi kumusoro *kuno* ndiko kwacho kwavanoiisa.

<sup>8</sup> Zvino tinamatireiwo, mumwe nomumwe wenyu. Ndinokuyemurai. Billy anga achindiudza nezvemumwe munhu atiunzira bhasikiti remapichisi, nezvipo zvidiki zvamuri... Handitongokwanisi kukutendai zvakanwana. Ini—ini handizive kuti ndinozviita sei. Uye ndi—ndinonzwa kusakodzera kutora zvinhu zvakadaro kubva kwamuri. Ndinonamata Mwari kuti vakuropafadzei, uye ndinoziva Vachadaro, nokuti Vakati, “Chose chamunoitira mudukusa veava, machiitira iNi.” Uye Mwari vachakuropafadzai, ndine chokwadi.

<sup>9</sup> Uye Arizona iri nyika yakanaka kwazvo, pane chinhu chimwe chete chandinosuwa, chinova, imi mose. Ndizvozvo. Ndinokusuwai mose. Ini—ini handina basa nekwandinoenda, ini—ini. . . hazvisi, havasi imimi. Ndine shamwari, kwose hako pasi rose, asi ivo—havasi—havasi imi mose. Pane chimwe chinhu pamusoro peboka diki rino chinongo. . . Handizive. Ndinofunga nezvavo.

<sup>10</sup> Uye kuTucson, iguta revashanyi, munoziva, uye machechi ari kudhonzerana, munoziva. Zvakati omei. Hapana chemweya chakanyanya; uye, nokuti kune makwikwi, akasimba zvikuru; zvino zvinoita kuti zviome. Dai ndaikwanisa kuva nemi mose, uyewo nechechi, tobva tagara kunze ikoko, ndinofunga kuti zvingazove zvakana. Maona? Asi ndinofunga, kana ino ikagara iri chechi, uye imi mose muchiri kuuya, ndichange ndiri pano, kusvikira Jesu achiuya.

<sup>11</sup> Saka ndinamatirewo, sezvandambotaura nguva yadarika. Handireve kuzvidzokorora, asi pandinouya pamberi penyu, ndi—ndinohuta-huta, uye ndinonzwa kubatikana, nekubatwa neshungu, nekusagadzikanawo, zvakare. Ndizvo zvandiri, pakutanga, saka ini. . . zvinondiita kuti ndivhiringidzike mukati. Asi kuziva kuti kwese kwandinogona kuenda. . . Handina bo—boka panyika, randinoziva, rinomira neni seboka rino. Dai—dai Mwari vatiita kuti tisapatsanurike, kuti, muHumambo hunouya, dai tikaveko pamwe chete; ndiwo munamoto wangu.

<sup>12</sup> Ndakagara pano pamusuwo, ndichitaura naBill Dauch nguva pfupi yapfuura ndisati ndatungamirira mumwe munhu kudzoka kuna Kristu, zvakare, mune imwe kamuri. Asi ndigere ipapo ndichitaura navo, vane makore 91 ekuberekwa, vati ivo, “Nda—ndave kupera simba. Maziso angu haasisiri sezvaanofanira kuva.”

Uye ndinofunga, makore mashoma apfuura, ndakauya kwavari pava kava nekukundika kwemoyo uye nekusanyatsorova zvakana kwemoyo, vachinge vava kufa. Zvino chiremba wacho chaiye akange achivarapa, uyo akati havagone kupora, chiremba wacho akatofa. Zvino hepano pagere Bill Dauch, munoona, ane makore 91 ekuberekwa. Ndakati, “Bill, hausisina zvako basa panyika kana zviri zvekushanda nezvimwe zvakadaro. Asi ndiri kukumbira izvi, ‘Mwari vakupe simba,’ nokuti unoda misangano zvikuru kwazvo.” Murume uyo ane makore 91 anodarika nyika nemotokari, kuchipisa, kwakaoma, kuchitonhora, chero zvazviri, chero zvazvingava, kuti anzwe Shoko. Mwari varopafadze mweya wehumhare iwoyo. Zvino handina. . .

<sup>13</sup> Ndinokumbira rwumwezve ruregerero, nekukuchengetai sezvandaite mangwanani ano, kwemaawa 3. Uye handina kuita zvakana kumharidzo, nokuti ndaigurira, ndikasiya

chimwe chikamu chayo, uye ndikachirika chimwe chikamu chayo, nezvimwe zvakadaro. Ndicho chikonzero ndavaudza kuti vambomisa tepi. Ndozoitora zvakare pane imwe nzvimbo kunotonhorera kana chimwe chinhu. Uye nda—nda—ndanga ndichitonzwa Mweya, asi ndakakutarisai uye ndichiziva kuti muri kufefedza uye nekuziva kuti muri kutsva, uye—uye zvinobva zvandırwadza chaizvo. Handidi kuti mutambure; ndi—ndinoda kuti munge makadekara. Maona? Zvino zvinondinetesa.

<sup>14</sup> Sekuti, ndinoona vanhu vanorwara; kana ndikasa—ndikasanzwira vanhu ivavo vanorwara, handigoni kuvabatsira. Ndi—ndinofanira kuvanzwira. Uye nenzira imwe chete nemi; ndi—ndinofanira kukunzwirai, kana kuti handigoni kuva hama yenyu. Maona? Ndi—ndinofanira kukunzwirai. Uye, ndinozviita; Mwari vanoziwa kuti ichokwadi.

<sup>15</sup> Uye zvino, manheru ano, ndichanamatira vanorwara.

Uye ndinoda ku. . . munhu, zvino ngavaropafadzwe varume ava, naHama Collins, naHickerson, Hama Neville, Hama Capps, matirastii, nevese, nezvakanaka zvatiri kunzwa zvanga zvichiuya, zvemaitiro enyu chechi, iri muhurongwa, uye kuti zvinhu zvose zviru kuuya sei panzvimbo yazvo. Ndinokutendai imi varume. Ishe vakuropafadzei nekuedza kuita zvakarairwa. Uye tsamba netsamba dzinouya muTucson, kwandiri, “Hama Branham, hazvina kufanana nezvazvaimbova. Zvasiyana kwazvo, manzwiro akaropafadzwa kwazvo eHupo hwaMwari.” Uye ndino—ndinotenda nokuda kwaizvozvo. Ishe vakuropafadzei nguva dzose!

<sup>16</sup> Zvakarewo, zvino, manheru ano, ndanga ndichiverenga pano muGwaro panzvimbo diki, kuti—kuti zvimwe nditare mashoko mashoma, ekutaura nekuverenga Gwaro, uye zvakare pamwe Magwaro akati kuti, ndozotaura nemi kwechinguvana ndochizonamatira vanorwara. Nguva shoma zvayo; ndiri kutarisa wachi, uye ndichaedza kukurumidza nepandinogona napo. Asi ndinofunga kuti kana mhomho yevanhu vakaungana pamwe chete, pasina kuverenga Shoko kana kuita chimwe chinhu, imwe kurudziro, musangano haungazove wakakwana.

<sup>17</sup> Vazhinji venyu vamirira. Vazhinji venyu mune mamaira erwendo nhasi manheru. Ndinozviiyemura zvikuru izvozvo! Ndinotarisa uye ndoona mumwe nemumwe, ndofunga nezve. . . Ikoko kuArizona, ndinofunga, “Pandinomuona zvakare, ndichafamba ndichidzika ndomukwazisa ruoko ndombundira mutsipa wake.” Uye hezvino mugere pano, uye ndiani, ndepapi pandingagona, munoziva? Handizive kuti ndotangira papi, uye kuti ndeipi. . . nzira yekubuda mazviri. Asi, hongu, ndinokudai. Mwari vanokudaiwo, zvakare.

<sup>18</sup> Zvino ndinofunga, kana ndisiri kukanganisa, kana ndisina kutora Gwaro ri—risiri iro pano, ndinoda kuverenga kubva muna VaKorinde Vokutanga, chitsauko 1, kutanga nendima 18, uye

zvakare ndoverenga VaKorinde Vechipiri 12:11, kuti nditore musoro wenyaya. Zvino kana ndikakwanisa kuwana iwayo nokukasika chaiko, zvino tinoverenga, uye tonamata tobva tatangira ipapo chaipo, ndichingotaura nemi kwemaminetsi mashoma pamusoro pechidzidzo chiduku. Muna VaKorinde Vokutanga, chitsauko 1, kutanga nendima 18.

*Nokuti kuparidzwa kwomuchinjikwa upenzi kuna avo vanoparadzwa; asi kwatiri isu takaponeswa isimba raMwari.*

*Nokuti kwakanyorwa kuchinzi, Ndichaparadza uchenjeri hwavakachenjera, uye ndichashaisa maturo kunzwisisa kwevanoziva.*

*Akachenjera aripiko? munyori aripiko? muiti wenharo wenyika ino aripiko? ko Mwari havana kuita uchenjeri hwenyika ino hupenzi here?*

Ndingataura izvozvo zvakare? “Ko Mwari havana kuita huchenjeri hwenyika ino hupenzi here?” Huchenjeri hwenyika ino chii zvino? Hupenzi.

*...ko Mwari havana kuita uchenjeri hwenyika ino hupenzi here?*

*Nokuda kwouchenjeri hwaMwari nyika haina kuziva Mwari nouchenjeri hwayo, asi zvakafadza Mwari kuti kubudikidza noupenzi hwokuparidza vaponese avo vakatenda.*

Ndingaverenga ndima iyoyo zvakare here? Nyatsoteererai.

*Nokuda kwouchenjeri hwaMwari nyika haina kuziva Mwari nouchenjeri hwayo, zvakafadza Mwari kuti kubudikidza noupenzi hwokuparidza vaponese avo vanotenda.*

*Nokuti vaJudha vanoda chiratidzo, ...vaGiriki vanotsvaka uchenjeri:*

*asi isu tinoparidza Kristu akaroverwa pamuchinjikwa, chigumbuso kwaJudha, ...noupenzi kuvaGiriki;*

*asi kuna ivo vakadanwa, vose muJudha nemuGiriki, Kristu simba raMwari, nouchenjeri hwaMwari.*

*Nokuti upenzi hwaMwari hwakachenjera kupfuura munhu; noutera hwaMwari hwakasimba kupfuura munhu.*

<sup>19</sup> Uye muna VaKorinde Vechipiri chitsauko 12, ndima 11, Pauro achitaura.

*Ndava benzi mukubwinya; imi makandigombedzera: nokuti ndaifanira kurumbidzwa nemi: nokuti hapana pandakasiyana nemuapostora mukurusa, kunyange hangu ndisiri chinhu.*

<sup>20</sup> Regai tinamate. Ishe Jesu, wedzerai kumashoko mashoma aya, manheru ano, akataurwa mumazuva akapfuura, nemuapostora mukuru Pauro, kuti tigobudirira mukuanzwa manheru ano, nekuashandisa kuhupenyu hwedu, kuti tive humhizha hwaMwari, takaitwa muchimiro chaVakatisarudzira kuti tive machiri. Nokuti tinozvikumbira muZita raJesu. Amen.

<sup>21</sup> Ndichaparidza manheru ano kwemaminetsi mashoma, Ishe vachitendera, pamusoro pechidzidzo chekuti: *Munhu Asinganzwisisike*. Zvino, uyu musoro wenyaya usina kukwana, une kuvirima wokuti tingatore, asi ndizvo, ndinofunga, zvingada kuzvireva nenzira yandinoda kuzvita nayo.

<sup>22</sup> Munoziva, pane zvinhu zvakawanda kwazvo, nhasi, zvekuti vanhu vanova *vanhu vasinganzwisisike*, tinozvidaidza kudaro. Uye chitaurwa ichocho, kana paine munhu asati ambochinzwa, chinoreva mumwe munhu “asiri wemazuva ese,” mumwe munhu “ane maitiro akasiyana” kune mumwe munhu. Uye pasina kupokana kuti vazhinji vedu hatinzwisisike, mumwe kune mumwe.

<sup>23</sup> Zvino, saka, ndaidzika hangu nemugwagwa imwe nguva muLos Angeles, California, zvino ndakaona mumwe munhu asinganzwisisike chaizvo, achiita zvakatosiyana. Zvino aifamba achidzika nemugwagwa, kusiri kuratidzira, asi aingoita sekungofambawo zwake masikati. Zvino ndakaenda kune rimwe divi renzira, kuti ndione zvaaiita. Vanhu vese vaicheuka, vachimuseka, nekuda kwemusiyano wake.

Ndakacherechedza kuti aive nechiratidzo chakaremba kumberi kwake. Zvino ndakafunga kuti ndichaona zvanga zviru kusekwa nemunhu wese, murume uyu asinganzwisisike, asina kujairika. Uye saka ai...Ndakamucherechedza vanhu pavaimutarisa, vachimuseka, uye—uye, asi airatidzika kuva neimwe mhando yenyemwerero yakasiyana, nyemwerero yekugutsikana. Kumwe kunyemwerera kwaitwa nevanhu kwaari kwaingova kwekumunyomba, asi airatidzika kuti akagutsikana nezvaaiita.

<sup>24</sup> Zvino, zvinova zvakawanda zvokufunga nezvazvo, kana munhu akagutsikana mune zvaari kuita kuti zvakanaka. Kunyangwe ari munhu asinganzwisisike kune mumwe munhu, kana akagutsikana kuti zvaari kuita zvakanaka, zvino muregei agare nazvo.

Zvino pandakaswera pedyo nemurume mudiki uyu, ndakacherechedza pa...pachipfuva chake apa, pachikwangwani kana chibhodhi, panga pakanyorwa kuti, “ini ndiri benzi,” uye pazasi pachu, paive pakanzi, “raKristu.” “Ini ndiri benzi,” nemavara makuru; pazasi pachu, pakanzi, “raKristu.” Zvino munhu wese aiseka kune izvi.

<sup>25</sup> Zvino murume mudiki uyu paaifamba hake nemuchaunga chaisvereredza ichi nekuenderera, ndakacheuka kuti nditarise

zvaiva kumusana kwake. Zvino paive nechibvunzo chikuru kwazvo kumusana kwake, uye zasi-zasi, pakanzi, “Zvino iwe uri benzi raani?”

<sup>26</sup> Zvino, nda—ndakafunga kuti aiva nechimwe chinhu ipapo, munoono, asi airatidza kugutsikana nekuti aikwanisa kuva benzi raKristu. Uye ndizvo zvakataurwa naPauro kuti akanga ava, “benzi” raKristu.

<sup>27</sup> Hama Troy, veFull Gospel Business Men, shamwari yangu yakanaka kwazvo, ivo—ivo vanoita basa rekucheka nyama. Uye vakabatira imwe mhando yehutachiona muruoko rwavo, kubva pakucheka nyama yenguruve imwe nguva. Mumwe murume anoziva, kana mudzimai, anogona kuviza kuti hutachiona hwacho hwaivei; asi hu—hunokudya. Saka, kuti vaponese hupenyu hwavo, vakatozo—tozovadambura minwe 3. Zvino vane minwe 2 chete mune rumwe ruoko, asi zvakadaro vanoramba vachishanda mubhucha.

<sup>28</sup> Zvino kwaive nemuJerimani mudiki aishanda navo mubhu—bhucha, zasi muLos Angeles, saka ivo—ivo vakaramba vachiedza kutungamirira muDutch mudiki uyu kuna Kristu. Zvino akati aive mu “Lut’erani,” uye zvainge zvakaringana naye. Ainge akagutsikana kuti aiva Mukristu, nokuti akanga ari wechechi ye “Lut’erani,” sematauriro aaiita. Saka humwe husiku Hama Troy vakava nemukana wekumuita kuti aende kuchechi.

<sup>29</sup> Zita rake ainzi Henry. Uye Henry, muchiJerimani, ndi “Heinrich,” naizvozvo vanomudana kuti “Heini.” Makambonzwa chitaurwa ichocho. Vakati, “Heini, zvakadai umboendawo neni kuchechi manheru ano?”

<sup>30</sup> “Zvakanaka,” akati, “Ndinotenda ndichaenda.” Saka akaenda kumusangano wechinyakare kwavaiva nemusangano wemunamato, zvino akanyatsosvika pakupomerwa, ndokupa moyo wake kuna Kristu.

Oo, zuva rakatevera, murume muduku uyu wechiDutch akanga achizvifarirwa hake. Nguva nenguva aingofamba achipfuura nemuchivakwa, akasimudza maoko ake mudenga, achiti, “Mwari ngavarumbidzwe! NdinoKutendai, Ishe Jesu!” zvino akakonzera kuti vose vamutarise, vose zvavo.

<sup>31</sup> Munoono, akava munhu asinganzwisisike kune vose vanocheke nyama ava. Zvino aiti achicheke nyama, obva atanga kufunga nezvaShe, zvino aitanga kuchema. Aigadzika banga pasi, ofamba achikwira nekudzika nemunzira, kwete zvekupengereka bodo, asi achingoita hake rudo kuna Kristu, achiti, “Oo, ndinoKudai kwazvo, ‘Yesu!’” Munoziva, achingofamba achikwira nekudzika.

<sup>32</sup> Zvino mukuru webasa akauya ndokumuona achiita izvi, uye paaienda achifamba kudaro achidzika, achichema. Uye, mukuru webasa, haana kumbocherechedza mukuru webasa; aifunga nezvaJesu. Zvino akatanga kufamba achidzika, akasimudza

maoko ake mudenga, nemisodzi ichingoyerera pamatama ake, achiti, “O Mwari, ndinoKudai kwazvo!”

Zvino mukuru webasa ndokuti, “Heini, chii chaizvo chakaitika kwauri?” Akati, “Munhu wese paba—pabasa pose ari kutaure nezvazvo. Chii chaizvo chakaitika kwauri iwe, Heini?”

<sup>33</sup> Murume muDutch mudiki uyu akati, “Oo, mukuru!” Akati, “Mwari ngavarumbidzwe, ndakaponeswa!”

Akati, “Wakaita sei?”

Akati, “Ndakaponeswa!” Akati, “Ndakaenda naHama Troy zasi uko kune imwe misheni duku, ini—ini ndokuponeswa. Zvino Jesu akauya mumoyo mangu, zvino ndizere nerudo!”

Akati, “Unofanira kunge wakaenda zasi kuboka riya remanati.”

<sup>34</sup> Akati, “Eheka!” Akati, “Mwari ngavarumbidzwe!” Akati, “Ndinotenda Mwari nekuda kwemanati iwayo!” Akati, “Munoziva, mukatora motokari ichidzika nemugwagwa, uye mobvisa manati ose mairi, hapana chamunosara nacho kunze kwemurwi ‘wemugweje!’”

<sup>35</sup> Zvino, handizive asi zvakataurwa memurume muDutch mudiki uyu ichokwadi chaicho. Ko mukabvisa manati ese? Manati ndiwo anoibatanidza yose pamwe chete. Uye ndinofunga kuti ndiwo anobatanidza chechi pamwe chete imwe nguva, anobatanidza budiro yehungwaru pamwe chete.

<sup>36</sup> Zvino, ndichibva kunoshanya kuPrescott, mazuva mashoma apfuura, ndainge ndakatarisa mugwenga ndichiona kuti kunze kwePhoenix vane maJapanese Gardens, uye vaiva nemaruva imomo, maruva akaisvonaka. Apo, pandakanga ndiri mukomana kunze ikoko, ndaifudza mombe munzvimbo idzodzo. Mombe idzi, kwakanga kusina huswa, saka dzaingorarama nemadhorofiyu, bhinzi, nezvimwe zvakadaro.

<sup>37</sup> Uye saka ndakacherechedza kuti kwaiva neva—vandudzo pakushandiswa kwegwenga. Uye mugwenga tinoona kuti, madhorofiyu nemaruva. Zvino kumba kwangu uko, kana kuti kumba kwatiri kuroja; Hanzvadzi Larson, ndinofunga vanga vari pano mangwanani ano, ndavaona. Zvino vane mubhedha wemaruva kunze kwe—kwemba; rimwe ivhu. Zvese zviriko ikoko ijecha, saka vaiva nevhu mumuhomba mukuru wemaruva parutivi rwemba iyi ine zvikamu zviviri. Uye mangwanani oga—oga ndinotofanirwa kubuda ndodiridza maruva iwayo. Kana ndikasaadiridza, anofa. Uye anozo... Uyezve, zvakare, ndinofanira kuti nditore mushonga wekupfapfaidza ndoapfapfaidza, kuita kuti inda dzisauya paari; tumbuyu twunozoadya.

<sup>38</sup> Zvino wongoti fambei kubva ipapo zvisvoma, mafiti 30 kubva ipapo, pane maruva ari kukura, uye kunze mugwenga ari kukura. Zvino unogona kuchera pasi mafiti 20 uye panenge



pakaita semhukutwa chaiyo; pasina chimwe chinhu kunze kweguruva chete, uye pasina mvura zvachose. Zvino ndiani anoapfapfaidza mushonga? Maona?

Aya ari mumuhomba wemaruva, ukatadza kuapfapfaidza mushonga nekuadiridza, mujuru kana tumbuyu, inda, zvinoadya ose. Asi inda hadzigone kubata iro riya riri kunze uko mugwenga, uyewo haridi kuti ribatwe sezai nekudiridzirwa mazuva ose; iro chisikwa cheMusiki. Iri chibereko chemasanganiswa.

<sup>39</sup> Uye ndinofunga kuti, nhasi, chikonzero Chikristu chave, kuvanhu, sekupenga; imhaka yekuti tine zvigadzirwa zvakawanda kubva pane zvimwe zvisiri Makristu echokwadi, rudzi runofanira kubatwa sezai nekupfapfaidzwa, uye kuitira kuti varambe vari muchechi.

<sup>40</sup> Ndinogona kuona Chechi yekutanga chaiyo, zvavaive, uye woienzanisa neyakagadzirwazve iyi nhasi. Iyi inenge iri mbodza yechechi ichienzaniswa nezvaive Chechi chaiyo yepakutanga, vatendi vava vakakwasharara muna Mwari, vaiva neMweya Mutsvene. Waisavabata sezai. Waisavabhabhadzira wovaudza kuti waizovatora mune *ino* iyi; uye kana vakaneta neiyooyo, vanoenda kune imwe yacho; uye unovaita mudhikoni kana vakauya kuno vachisiya imwe yacho iyi. Ichocho chibereko chemasanganiswa.

<sup>41</sup> Ndanga ndichifunga nezvemufananidzo wakapendwa wepamavambo waMichelangelo, ndinotenda kudaro, we “Chirairo Chekupedzisira.” Ndinofunga kuti akaupenda. Munoziva here kuti mufananidzo wacho chaiwo iwoyo wepamavambo unokudhurira zvakadii? Unenge uri zviuru zvisingaverengeki zvmadhura, haungambobata iwoyo wepamavambo, nekuti hautengeki. Unokosheswa zvakananyisa! Asi unogona kutenga wakachipa wakagadzirwa kubva pane iwoyo nemadhura anenge 2.

<sup>42</sup> Ndicho chikonzero vanhu nhasi vasingakwanisi kunzwisisa kukwasharara kwevatendi chaivo, vechokwadi. Vanobva vava mupengo. Munoziva, nyika inopinda mune mamwe maitiro ekuti pano neapo notofanira kuva nemupengo unoitwasanudza. Zvinototora mumwe munhu kuti auye panzvimbo akati siyanei zvisishoma, uye iye mupengo kuchizvarwa ichocho. Ndaifunga rimwe zuva, ndiani anogona?

Ndiani nhasi asiri mupengo? Uri mupengo wemumwe munhu. Ndinotenda kuti nyika yave kupenga zvachose. Maiziva here kuti inguva yekuti vanhu havagone kuyera pakati pechakanaka nechakaipa, kana chokwadi kana nhema?

<sup>43</sup> Munoziva here kuti vezvematongerwo enyika havagone kuziva chakanaka nechakaipa? Munovaona vakanyarara pakuvhotera Bhaibheri kuti ridzoke muchechi kana kuti mu . . . Bhaibheri ridzoke muchikoro? Havazive kuti zvmatongerwo

enyika zvichaenda zvakananga kupi. Pafungei! Handizive kuti zviri sei muIndiana zvino, asi mudunhu reArizona zvinopesana nemutemo kuverenga Bhaibheri muchikoro. Ndinofunga zvimwe chetezvo muIndiana, potse United States yese zvayo, nekuti mumwe mukadzi asingatendi akashandura hurongwa hwacho hwose. Uye, rangarirai, zvinopesana nemutemo kuverenga Bhaibheri muzvikoro zvedu zvehurumende, asi mitero yevatendi inotsigira kusatenda kuti kudzidziswe muzvikoro.

<sup>44</sup> Zvematongerwo enyika. Tinoda mumwe Abraham Lincoln. Tinoda mumwe Patrick Henry. Tinoda mumwe munhu wemuAmerica anogona kumira kumira zvisinei nekuti zvematongerwo enyika zviri papi, uye odana chakanaka kuti, “chakanaka,” nechakaipa kuti, “chakaipa.”

<sup>45</sup> Maiziva here kuti vaparidzi nhasi havagoni kuziva kuti ndechipi chakanaka, Shoko raMwari kana sangano rechechi? Havazive nzira yekutora. Havagoni kuyera pakati pechakanaka nechakaipa. “Ndinoziva kuti Bhaibheri rinozvitauro, asi chechi yedu inoti . . .” Munoono, vanhu havakwanise kuyera chakanaka kubva kune chakaipa. Uye chero chose chinopesana neBhaibheri chakashata. Shoko raMwari nderechokwadi, uye shoko remunhu wese inhema, rinopesana naRo. Zvino kuedza kumira zvino pane ngu—ngu—nguva yakadaro, nekumira pane chakanaka, unobva wava mupengo.

Ngatitaurei nezvevanhu vashoma.

<sup>46</sup> Ndinogona kuona muporofita Nowa, muzuva guru riya raakararama mariri; zera guru iroro rezvesainzi ravakavaka mapiramidhi nemasphinx, kwavaigona kuratidza pachena kuti hakuna mvura mumatenga, netsvakurudzo yesainzi. Hepano panouya mutana yu kunze ikoko, ndokuti, “Kune mvura inonaya iri kuuya kubva kumatenga.” Noa akanga ari mupengo kuchizvarwa ichocho. Akava mupengo.

<sup>47</sup> Ngatifungei nezvaMosesi. Mosesi, paakadzika kuna Farao, sezvatataura mangwanani ano, uye Mosesi achienda zasi kuna Farao, uye achiti, “Ishe vakandituma kuti ndibuditse nhapwa idzi kunze,” aine tsvimbo muruoko rwake, achipikisana nemaoto makuru akanga akurira nyika yose. Farao, muhungwaru hwake hwose hwezvesainzi, akafunga kuti Mosesi aiva mupengo. Uye, akanga ari mupengo, kwavari.

<sup>48</sup> Ndinogona kuona muporofita Eria, muzuva rake guru, apo zera raishamisa refashoni; apo Ahabhu naJezebheri vaitonga pasi rose, tingati, mumazuva iwayo; uye mafashoni ose nezvinhu izvo Jezebheri aida kupfeka, uye nezvaakaita kuti madzimai ose apfeke saye, nependi dzake, nekuenderera, mafashoni ake, nenzira yaakazvishongedza nayo. Zvino apo mumwe mudhara anopenga, saEria, akauya panzvimbo achipikisa nyika yose; kuna Ahabhu, akanga ari mupengo. Ndizvozvovo.

<sup>49</sup> Amosi, muporofita, paakauya kuSamaria muzuva iro Samaria yakanga yakaita seHollywood nhasi, madzimai ari mumugwagwa, mapfekero, uye kunyange hupombwe pachena, zvokuti vaizvibata nekurarama sei kunze uko, vachirega varume...

<sup>50</sup> Hwatongove potse hupombwe pachena, nhasi, pamberi penyu chaipo. Ndakaenda kune imwe nzvimbo humwe husiku, kunotsvaga zvekudya, uye vakomana vadiki nevasikana kumusoro ikoko vachimbundirana nekutsvodana kunge hameno-hameno.

Uye unoziva here, hanzvadzi yangu diki, kuti hwunotova hupombwe ihwohwo neimwe nzira? Kana murume akakutsvoda, atoita hupombwe chaihwo newe neimwe nzira. Haufanire kumurega achikutsvoda kusvika waroorwa, nokuti zvizenga, zvizenga zvose zvehurume nehukadzi, zviri pamiromo. Muri kuzvinzwisisa here? Zvino kana zvizenga zvehurume nehukadzi zvasangana, chero papi pazvingave, unenge waitota hupombwe neimwe nzira. Zvino haufanire kurega mukomana achikutsvoda kusvikira vhoiri iroro rasimudzwa pachiso chako uye wava mudzimai wake. Usadaro! Kuita hupombwe ikoko. Kusanganisa zvizenga zvehurume nehukadzi.

<sup>51</sup> Sei murume asingatsvode murume, mukadzi achitsvoda mukadzi, pamiromo? Nekuti hazvisanganise zvizenga izvi. Vana vanozvarwa nekusanganisa zvizenga.

Saka hwatongova potse hupombwe pachena zvakare, kwese hako. Tarisai pamaskirini nezvose zvamunoona, ma—matakanana neku—kuenderera. Ndosaka hunzenza huri—huri pakuwanda! Vangazviita sei, uye vachizvitendedza vose nekutsvoda madzimai iwayo pamuromo, vachiziva kuti hupombwe! Mwari havazozviregereri kunze kwekunge watendeuka.

<sup>52</sup> Uye zvino, pakuuyako, muporofita mukuru uyu, Amosi. Anozivikanwa semumwe wevaporofita vadiki nekuti hapana zvakawanda zvakanyorwa nezvake, asi aiva neShoko raShe. Zvino akatarisa paguta iroro, rose rakanga... Mumapaki, varume vagere vakambundira vakadzi, uye vakadzi vakambundira varume, ingori Hollywood yechimanjemanje! Zvino Akafamba achidzika nemuguta iroro, ndokuti, “Motendeuka kana kuti moparara!” Aive mupengo. Akange atozviita seanopenga, kwavari.

<sup>53</sup> Johane Mubhabhatidzi, paakauya panzvimbo, kumasangano ezvinamato ezuva iroro, akanga ari mupengo. Aive nemukana wekuva muprisita, kutevera tsoka dzababa vake. Asi akaramba kuzviita, nokuti Mwari vakanga vamuchengeta ari kunze kwezvitendwa izvozvo nemasangano, nokuti basa rake rakanga rakanyanyisa kukosha. Aifanira kuzivisa kuuya kwaMesiya. Zvino paakanga asina chokuita nomuFarisei, muSadhusi, kana

chipi zvacho, akaramba boka ravo rose, ndokuti, “Musatanga kuti, ‘Tina Abrahama sababa vedu,’ nekuti Ndinoti Mwari vanogona kubva pamabwe aya kumutsira Abrahama vana.” Kune—kune nyika yezvinamoto zvemazuva ake, aiva mupengo. Ndizvozvo.

<sup>54</sup> Jesu paakauya panzvimbo. Kuvanhu vezvinamoto vemazuva aKe, Aivewo zvakare mupengo. Nokuti, vakati, “Uri muSamaria. Wakarasika njere dzaKo. Uri benzi remunhu,” nemamwe mashoko, “munhu anopenga.” Akanga ari izvozvo, kuvanhu, Ishe neMuponesi wenyu.

Ndokusaka, Pauro, akadzidziswa naGamarieri kuva muprisita, mukana wekuzova muprisita mukuru rimwe zuva. Zvino ari munzira yake kudzika kuDhamasiko, akarohwa neChiedza chemweya. Zvino akatarisa kumusoro, ari muJudha, uye achiziva kuti Shongwe yeMoto iyoyo ndiyo yakatungamirira vanhu vake. Akati iye, “Ishe, ndiMi Ani?”

Zvino Akati, “Ndini Jesu.”

<sup>55</sup> Zvino paakarasi kirwa nedzidzo yake, akarasiki kirwa nedzidzo yake yese yebhaibheri yaakange akadzidziswa muzvikoro, uye akava muparidziwo zvake, wemumugwagwa, akanga ari mupengo. Akati, “Ndava benzi.”

<sup>56</sup> Zvino vanhu vakafunga kuti aipenga, akarasika njere. Akaudza Festo kuti, “Handipengi.” Aingoziva Ishe. Asi kuziva Ishe muboka rechinamoto. . .

Ndinovimba kuti hamuzvipotse. Kuziva Jesu, zuva rino, uri pakati peboka rezvinamoto, uri mupengo. Hazvina kushanduka. Ndaigona kugara zvakananyanya pane izvi, asi ndi—ndinoda kukurumidza kuitira mutsara wekunamatira vanorwara.

<sup>57</sup> Martin Luther, muprisita mudiki uya muJerimani, akatakura chirairo rimwe zuva, akachikandira pasi pamasitepisi, ndokuti, “Uyu hausu mutumbi waJesu Kristu. Ichi chinongova chingwa chete chakagadzirwa seri uko.” Uye akataura, kuti, “Vakarurama vachararama nokutenda.” Akanga ari mupengo, kuchechi yeKatorike. Vaigona kunge vakamuuraira izvozvo, asi, akanga ari mupengo, zvino vakangomusiya akadaro. Asi, akava mupengo, kuchizvarwa ichocho.

<sup>58</sup> John Wesley, mumazuva enguva yehunzenza hwakananyanya muEngland. Apo, dai rumutsiro rwaWesley rwakanga rusina kuvepo panzvimbo. . .Nyika yose yainge yaora, hunzenza kwese-kwese. Uye chechi yeAnglican yakanga yaenda kure kwazvo kusvikira pasisina rumutsiro zvachose; mafungiro echiCalvinisti akadaro! Zvino John Wesley akauya panzvimbo, ne—neShoko rokucheneswa, richichenesa hunzenza. Akava mupengo.

<sup>59</sup> Ndichitora mashoko aVaWesley, imwe nguva, mubhuku ravo. Vakanga vachidzika nenzira, zvino mumwe wevarume vechechi yeEngland... Vose vakafunga kuti vanopenga, saka akamira munzira. VaWesley vaive kamurume kadiki. Murume mukuru kwazvo uyu akafunga kuti aizongovarova nembama, saka akamira munzira. VaWesley vakasvikapo ndokuti, “Pamusoroi, changamire, mungasudurukawo here munzira? Ndiri kumhanyira.”

Zvino muAnglican uyu ndokuti kwavari, “Handisudurukire benzi kubva munzira ini.”

<sup>60</sup> VaWesley vakasimudza ngowani yavo zvine ruremekedzo, vakafamba vachimunyenyeredza; ndokuti, “Ini hangu ndinogara ndichidaro.” Saka, munoono, iye wacho ndiye akanga ari mupengo; mumwe aiva waKristu; mumwe wacho wakanga ari wechechi.

Saka, uri mupengo kune mumwe munhu, zvisinei.

<sup>61</sup> Pakauya maPentekosti panzvimbo, makore 50 apfuura, vakati, “Vanhu ivavo vanopenga!” Vaive mipengo, ndizvozvo, nokuti vakapomera huwori hwose ihwohwo hwaiva mumazera ekereke panguva iyoyo pavakavepo panzvimbo.

Asi maPentekosti akaitei? Vakadzokera chaimo mumarutsi avakabuda kubva maari, kudzokera chaimo mukuora kwemasangano. Munozivei? Yasvika nguva yemumwezeve mupengo. Hongu. Yave nguva yemumwezeve. Ndizvozvo.

<sup>62</sup> Cherechedzai, nati, pasati pava nenati, pane bhaudhi rinokwana panati iroro. Uye nati iroro rinosungwa pabhaudhi iroro; kana rikasungwa, harisi repo. Cherechedzai. Vose vakasunganidzwa, mumazuva a—aNowa, vakasungwa pamharidzo yeEvhangeri; Nowa, iye nati racho, akavadhonzera muareka. Zvinoenderana nekuti madhaiza ako akadini, pawakasungirirwa pacho. Kana wakasungirwa kunyika, ivo vachakudhonza. Kana wakasungirwa paShoko, Richakudhonza. Zvinoenderana nekuti wakasungirwa papi, nderipi nati rauchatevera.

<sup>63</sup> Asi Nowa, ari nati rine Shoko raMwari, mupengo kuzera resainzi nekuzera rezvinamato raakararama mariri, akavakwevera, avo vaizoponeswa, muareka. Amen. Avo vakanga vakafanotemerwa, bhaudhi rainge rakagadzirwa nati risati ravepo. Bhaudhi rinofanira kusungwa nenati.

<sup>64</sup> Saka, Satani, ane mabhaudhi nemanatiwo, zvakare, mabhaudhi nemanati ehumambo hwenyika ino.

Farao akanga angori mupengo kuna Nowa, kana kuti kuna Mosesi, sezvaive Mosesi kuna Farao. Farao, nemanomano ake ose esainzi, akanga akwevera nyika yake kwaari iye. Nowa, nokuva nati raMwari, akakwevera chechi kunyika yechipikirwa. Zvinoenderana nemadhaiza ari pauri. Akadhonzera chechi

kubva muEgipita; saNowa akadhonzera chechi kubva panyika, kupinda muareka. Mosesi akakwevera chechi kubva muEgipita, kuenda kunyika yaMwari yechipikirwa.

<sup>65</sup> Jesu akati. Zvino, chenjerai, nekuti manati nemabhaudhi aya anotaridzika zvakafanana zvakanyanya. Ingotarisai madhaiza acho. Mateo 24:24, Akati, “Zvichatopotsa zvanyengera Vasanangurwa chaivo.”

Zvino, sangano re—reAmerica nerepasi rose rinoda nati.

<sup>66</sup> Methodisti, Baptisti, Presbyteriani, vose vakapararira mune *izvi, izvo*, uye vose vachirwa. Uye, mushure mezvose, vese vakasungirwa pabhaudhi rimwe chete. Saka Mwari vakavapa bhaudhi, nekuvatumira nati, Mubatanidzwa weMachechi ePasi rose. Uchavakweva vose pamwe chete. Ndizvozvo. Zvechokwadi uchadaro. Uchavakweva pamwe chete, Mubatanidzwa wePasi rose.

<sup>67</sup> Munoziva, zvakaatika, pano nguva shoma yapfuura... Hapana chinhu chinogona kuitika, chingaitwa, pasina chikonzero. Vakadzi vanoda zvekukurura nhumbi dzavo. Vaida kupfeka zvikabudura. Vaida kuramba vari vechechi. Vaida kupfeka ese aya mabhikini, kana chero zvamunodana zvinhu zvacho. Vanoda kuzviita, uye vanoda kuramba vari vechechi; vanoda kuzhambatata, kudandizira, nekutamba; kunamata, kunamata ikoko.

<sup>68</sup> Zvino, dai ndanga ndine nguva, ndaizokuratidzai izvozvo. Ikoko kunamata dhiyabhore, kutamba saizvozvo nokuita zvinhu izvozvo. Ndinogona kuzviratidza kwamuri, munyika dzemahedheni. Vaida kunamata, uye vochengetedza huchapupu hwavo uye vogoramba vari muchechi. Saka Mwari vakavapa mupengo, 2 kana 3 vavo; mumwe anonzi Elvis Presley; mumwe, Pat Boone, naErnie Ford; anogona kuimba nziyo dzekunamata nezvimwe zvose, uye oramba achizviti iye Mukristu. Inati iro. Harina kusungirirwa paShoko. Ndizvozvo.

Zvino, ndati ndichapedza muhafu yeawa, uye yakwana. Asi, teererai.

<sup>69</sup> Nyika iri kuda rimwe nati. Dhiyabhore anotoona kuti variwana. Vakatoiswa madhaiza aro.

Asi, nyika pairi kuiswa madhaiza enati, pane vanhu vanonzi Mwenga. Wakaiswawo madhaiza, zvakare. Sezvingori chokwadi chekuti ndakamira pano, Mwari vachavatumira nati richadhonzwa Mwenga kubva munyonganyonga iyi, kupinda muHupo hwaMwari. Richange riri nati rakasungirirwa paShoko.

<sup>70</sup> Mumwe mutsoropodzi, mazuva mashoma apfuura, akati kwandiri, zasi kuTucson. Akati, “Munoziva, vamwe vanokuitai mupengo, uye vamwe vanokuitai mwari.”

Ndakati, “Zvakanaka, zvinoita sezvinofamba hazvo zvakanaka.” Ndaiziva kuti ari kuyedza kunditsoropodza. Maona?

<sup>71</sup> Akati, “Vanhu vanofunga kuti muri mwari.”

<sup>72</sup> Ndakati, “Zvino, kungoti. . .” Ndinoziva kuti vanhu havana kudaro. Asi nda—ndaiziva kuti akanga asingazvinzwisise, nokuti akanga ari kune rimwe divi rinopesana, munoono. Saka ndaiziva kuti akanga asingazive, akanga asingazvize. Saka ndakati, “Hazvisi kure zvakananyanya neShoko raMwari. Handizvo here?”

Munoono, kungomu—kungumuzivisa kuti hatina kurasika. Tinoziva patakamira. Tinoziva mhando yemachira echikepe atakaisa, nemhando yemhepo iri kurisunda. Tinoziva kuti madhaiza edu chii, uye kuti nati redu nderipi. Uye tinoziva kuti takamira sei.

Ndakati, “Hazvina kupesana neShoko raMwari, zvakananyanya. Handizvo here?” Ndakati, “Rangarira, Mwari pavakanga vachitumira Mosesi zasi kuvana veIsraeri, Mwari vakaita Mosesi mwari, ndizvozvo; uye vakaitawo, zvakare, Aroni mukoma wake, muporofita. Ndizvozvo. ‘Vaporofita vose,’ Jesu akati, ‘vaiva vamwari.’ Vaiva vamwari; varume.” Ndizvozvo. Mwari vano zvireva saizvozvo.

<sup>73</sup> Teererai, Shoko ratinoparidza uye neshoko randataura mangwanani ano, “Mwari vachizvivanza seri kwematehwe, matehwe ematenhe, Mwari vachizvivanza seri kweganda remunhu.” Maona? Ndizvo zvaVakaita. Mwari pavakaraitidzwa munyika, Vainge vakazvivanza seri kwechidzitiro, seri kweganda reMunhu anonzi Jesu. Vainge vakafukidzwa uye vakazvivanza seri kweganda remunhu anonzi Mosesi, uye vakanga vari vanamwari vaduku, kwete vanaMwari; asi vakanga vari Mwari, Mwari mumwe chete, vachingoshandura chifukidzo chaVo, vachiita zvimwe chete nguva dzose, vachiunza Shoko iri. Munoono, Mwari vakazviita nenzira iyoyo. Vanoziva kuti munhu anofanira kuona chimwe chinhu; chiri mune mumwe nomumwe wedu akaberekwa munyika.

<sup>74</sup> Sezvandanga ndichikuudzai mangwanani ano, hapana aiva nehushingi hwekutevera Mosesi imomo. Mwari havana kumboshanda ne 2. Vanoshanda ne 1, nguva dzose. Hapana aiita hushingi hwekutevedzera Mosesi. Rwaiva rufu, rufu rwepanyama, kuedza kumutevedzera, kuenda muShongwe yeMoto iyoyo pamwe chete naye. Saka vanhu havana kugadzirwa vese. . .Hauna kuzvarwa nenzira iyoyo, kuti upinde mune chemweya ichocho.

Asi Mwari vakaisa vamwe panyika kuti vaVamiririre, semumiririri anobva kwaVari. Uye mumiriri uyu akagadzwa, naMwari, kuti apinde mune chemweya chikuru ichi chisingazivikanwe, uye onzvera, nokubudisa zvinhu izvo

pfungwa yenyama haitogoni kuzvinzwisisa. Anoburitsa chakavanzika chaMwari, ofanotaura zvinhu zviripo, nezvinhu zvakambovapo, nezvinhu zvichazovapo. Chii ichocho? Mwari, Mwari seri kwematehwe, ganda remunhu. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>75</sup> Sam Connelly anogara muTucson. Akauya pano imwe nguva, makore mazhinji apfuura, naVaKidd, uye akapodzwa; aine ronda remudumbu kwemakore akawanda. Pandakabuda muchirimo chekupedzisira, Sam aive nedo—dombo iro mazvikokota ikoko, mu—muTucson, akariongorora. Rakanga rakakura kunge marble. Hama Sam Connelly... Vazhinji venyu pano munovaziva; vanobva kuOhio. Zvino vakaenda kuna chiremba, uye akati, “Sam, zvigadzirire vhiki rinouya; ndichabuditsa dombo iroro,” mazuva mashoma kubva ipapo.

Akati, “Ndingaburitsa dombo iri here, chiremba?”

Akati, “Hazviite. Dombo racho rakanyanyisa kukura.”

<sup>76</sup> Saka vakavapinza mumota ndokuenda navo kumba. Zvino vakafona; vakati, “Ndinoda kuti muuye kuno muzondinamatira, Hama Branham.” Sei vakandifonera nekuda kweizvozvo? Zvino ndakatanga kuvanamatira.

<sup>77</sup> Ndakati, “Sam, iZVANJI NAJEHOVHA, dombo racho richabuda roga.”

<sup>78</sup> Zvino mangwanani akatevera akaenda nedombo racho kuna chiremba. Zvino ndokuti, chiremba akati, “VaConnelly, handisi kunzwisisa kuti zvakaitika sei.”

<sup>79</sup> Zvino akati, “Ndiri mutendi muna Mwari, uye Mwari vakandibuditsira dombo, vakaribvisa mandiri.” Murume wacho akatadza kuzvitenda, chiremba uyu. Zvimwe chetezvo sekusatenda kwaakaita nezvebundu guru riya rakabva padivi pemudzimai wangu. Zvamunoziva nezvazvo, munoono. Saka akati...

<sup>80</sup> Inenge mwedzi 6 yakatevera, iyo ingangoita 3... anenge mavhiki 2 akapfuura, kana mavhiki 3 akapfuura, Sam Connelly akatambudzika nechinhano chemoyo chakaipisisa. Uye handizive zita racho, chirwere chemoyo, kana kuti kumwe kusanyatsorova zvakanaka kwemoyo, kana chero zvazvingava. Zvine njodzi huru... Hazvizo... Haugone kuzopora, vanodaro. Kukomoka kwemoyo, uye nekusanyatsorova zvakanaka kwemoyo wavo. Zvino makumbo ake akazvimba kusvikira zviziso zvetsoka dzake zvakanga zvakakura kudarika gumbo rake, kumusoro-soro kuno pahudyu yake. Saka vakaenda naye kuna chiremba. Chiremba akati, “Muendesei kumba, zvinyoronyoro, kana kuti kuchipatara.”

Sam akati, “Handidi kuenda kuchipatara!”

Akati, “Endai naye kumba munomuisa pamubhedha, uye musafambisa musoro, ruoko, kana tsoka, kwemwedzi 6.” Akati, “Unogona kufa chero nguva.”



<sup>81</sup> Zvino Hama Norman vakafona. Zvino takaendako husiku ihwohwo, kunoona Hama Sam. Zvino patakavanamatira, Ishe ndokutaura.

Zvino mangwanani akatevera, Sam akaenda zasi kuhofisi yachiremba, nemakumbo emudhebhe wake akakwinyirwa mudenga, akamira pamberi pachiremba, ndokuti, “Nditarisei, chiremba!”

Zvino chiremba akamuise pasi pemuchina wemoyo, ndokuti, “Handizvinzwisise.” Akati, “Dzokera hako kubasa.” Akati, “Unopinda chechi ipi?”

Akati, “Handisi weimwe yadzo chero ipi zvayo.”

<sup>82</sup> Akati “Haugoni kuva Mukristu usiri wemasangano iwayo. Unofanira kuva.” Munoono, ndizvo zvoga zvaizvikanwa nachiremba. Sam aiva mupengo, kwaari. Zvino aive mupengo, kuna Sam, nekubvunza mubvunzo wakadaro.

Zvino chii chakaitika? Sam akauya, uye akati, “Chii chandingataura kuna ani zvake anondiudza zvinhu zvakadaro, Hama Branham?”

<sup>83</sup> “Vaudze kuti iwe ‘uri nhengo yeChechi imwe yoga iripo.’ Hauijoinhe. Harisi sangano. Unozvarirwa maIri.”

<sup>84</sup> Mumwe mudzimai mudiki, mwedzi ingangoita 6 yapfuura, akazendamira pachipfuva chaHanzvadzi Norman. Ndakanganwa zita rake, mudzimai mudiki akanaka chaizvo pachiso angangoita makore 30 okuberekwa. Iye nomurume wake vakanga vasiyana, zvino akanga abatwa nekenza yemuropa. Zvino akanga ari muchinhano chokuti akanga asingachakwanisi kufamba. Uye pakupedzisira zvakatozonyanyisa kuipa kusvikira vanachiremba vamupa mubhedha. Uye vanachiremba vakamushanyira kusvikira nguva yavsvika. Vakamupa kusvika Chitatu chaizotevera chacho. Aizenge atofa nemusi weChitatu. Zvino Mai Norman neimwe nzira vakamubvisa pamubhedha, ndokuuya naye kuno, uye vaitoita zvekumubata kuti agare mucheya. Zvino munhu mudiki uyu agere ipapo, achingogutsurira-gutsurira, uye atochena musoro chaizvo; ganda rose raita yero, nekuda kwekenza iyi, kenza yemuropa.

Ndakati, “Zvakanaka, ndinogona kukunamatirai, hanzvadzi.”

Zvino iye achiedza kutaura, nemisodzi mumaziso ake, akati...

Nda—ndakati, “Muri Mukristu here?”

Iye ndokuti, “Ndiri muMethodisti.”

Ndikati, “Nda—ndakubvunzai kana muri Mukristu.”

Zvino iye ndokuti, “Munoreva here kunge ndiri nhengo yechechi yeChikristu?”

<sup>85</sup> Ndikati, “Kwete, amai. Ndinoreva kuti, makazvarwa neMweya waMwari here, uye munoda Ishe Jesu here?”

Akati, “Zvino, ndagara ndiri wechechi.”

<sup>86</sup> Ndakati, “Kana Mwari vakakuregai muchirarama, muchandivimbisa here kuti muchadzoka kwandiri uye monditendera kuti ndikuratidzei nzira yaShe zvakanyatsojeka?”

Iye akati, “Ndinovimbisa Mwari chero chinhu, kana Vakachengetedza hupenyu hwangu. NdichaVashumira.”

<sup>87</sup> Panguva iyoyo chiratidzo chakauya, chikati, “ZVANZI NAJEHOVHA. Usagadzirira hako; bvarura zvinhu zvako zvepakufa kwako, kuswera mangwana.” Waive musi weMuvhuro, uye aifanira kufa neChitatu. “Hausi kuzofa.”

Svondo yapfuura, vhiki kubva Svondo ino, ndakagara naye mukamuri. Akawedzera huremu hwakati darikei zvishoma 13kg; chiremba akati hapana kana kadodzi kamwe chete kekenza yemuropa kari kuwanikwa chero papi zvapo. Zvino aida kuziva; zvino ndakamutumira zasi kunobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, mugomba remvura yekudiridzisa, nzira yaShe. Anogona kunge ari mupengo, asi, “Kana Ndikasimudzirwa, ndichakwevera vanhu vose kwaNdiri.”

<sup>88</sup> Ndakashanyira, kune mukomana uyu aiwanzotora matepi pano, Leo Mercier. Ane nzvimbo yemakaravhani. Uye ndainge ndichinamatira vamwe vanhu. Zvino ndakanamatira mumwe mudzimai mudiki anonzi Lokar, ndinotenda kuti ndizvo. Zvino akange ane maopareseni 14 ekenza, uye vanachiremba vakamusiya kuti afe. Uye akanamatirwa, ndokumuudza kuti anga asiri kuzofa, asi aizorarama. Uye hapana kana kadodzi kayo chero papi zvapo. Zvino nokuda kwaizvozo, vanhu 28 vemumhuri yake vakanga vakamira ipapo, vakaponeswa uye vakazadzwa neMweya Mutsvene. Kunogona kunge kuri kupenga, asi zviri kukwevera vanhu vose kwaAri, achauya. Rakasungirirwa paShoko. Munoono zvandiri kureva?

<sup>89</sup> Ndine tsamba yakapinda, marimwezuro, iri kuseri uku chaiko mufaera. Chirimo chapfuura, tiri parwendo rwekuvhima...kana kuti, pfumvudza yakapfuura, raive gore rakapfuura. Mukomana wechiIndia anonzi Oscar, watinovhima naye mumugwaga mukuru kumusoro uko; ndiko uko Ngirozi yaShe, ndakakuudzai, neche kuno, ndaizounza caribou iya ne—nechitsere chipfumbu chiya. Imi mose munozvirangirira. Zvino mukomana iyeye, pandakapinda mune...Akapinda mutende, pfumvudza yapfuura. Zvino Bud paakandikumbira kuti ndiise munamoto, (akabvisa magirovhosi ake; ainge akatasva), akapfeka magirovhosi iwayo uye akanga ogadzirira kubuda. Akanga ari muKatorike. Aisazova nechekuita naZvo.

<sup>90</sup> Chirimo chapfuura, paakakwanisa, amire padivi pangu... Mai vake pavakanga vari seri ikoko, vachifa nekukomoka kwemoyo, akati, “Mungadzokawo here movanamatira?”

Ndakadzokera mukamba kadiki kemauswa kemaIndia ikoko. Uye ikoko, vose vakaunganira amai ava, naivo vachifa, vasingagoni kutaura kana shoko rimwe reChirungu. Zvino Mweya Mutsvene wakaburuka ndokuudza amai, kubudikidza nemuturikiri, mwanasikana wavo, zvakanga zvaitika, zvakavapo. Kunyangwe kutovadaidza zita ravo, nekuvaudza zvavaive, uye kuti vaibva kurudzi rwupi, uye kuti izvi zvaizoitika sei. Zvino Amai vacho vakabva vapodzwa pakarepo.

<sup>91</sup> Zvino mangwanani akatevera pandakadzokera kunovaona, pandakanga ndichitasva ndichibuda, ndichienda mamaira 40 kuendera imwe hwai, hapo pavakanga vari vose vagere ipapo, vakanga vari . . . vachikwira bhiza kudzokera kunoomesa nyama yemoose. Ini ndikati, “Nezuro manheru pandakanamata, ndakati, ‘Baba Vedu Vari Kudenga.’” Ndikati, “Louise, ini—ini . . . Waive munamato wechiKatorike. Imi mese ndokutanga, uyezve, chokwadika, ndakakusiyai.” Zvino ini ndakati, “Zvino ndave kuda kungotenda Mwari. Hatideketere minamato; tinonamata.”

<sup>92</sup> Iye akati, “Hatichisiri maKatorike isu.” Akati, “Tinotenda sekutenda kwamunoita. Tinoda kuti mutitore tose mutibhabhatidze nenzira yamunobhabhatidza nayo. Tinoda Mweya Mutsvene.”

<sup>93</sup> Parwendo rwekudzoka . . . Mukomana uyu akanga arasikirwa nemabhiza ake, mwedzi yakati kuti nguva iyoyo isati yasvika, akatadza kuawana. Zvino mutungamiriri aimupotera, akati, “Oscar, waiziva zviri nani pane kusiya mabhiza iwayo saizvozvo. Zvitsere, zvitsere zvakawanda, zvaizodya mabhiza iwayo panguva ino.”

Zvino akaramba akamira pedyo neni. Uye akati, humwe husiku, akati, “Ndingakubvunzaiwo chimwe chinhu?”

Ndikati “Hongu.”

Akati, “Hama Branham, namatai Mwari. Mwari vandidosere mabhiza angu.”

Ndikati, “Bud akati chitsere chakaadya.”

Akati, “Hama Branham, kumbirai Mwari. Mwari vadzosere Oscar mabhiza ake.”

Ndikati, “Unozvitenda here, Oscar?”

Akati, “Ndinotenda. Mwari vakapodza amai vangu. Mwari vakakuudzai kwaiva nechitsere, kwaiva nemhuka. Mwari ivavo, vanoziva kune mhuka, vanoziva kune mabhiza angu.” Maona?

<sup>94</sup> Gore rapfuura, ndimireko naFred Sothmann, ari pano manheru ano, Billy Paul, mwanakomana wangu. Mweya Mutsvene wakaburuka. Ndakati, “Oscar, uchawana mabhiza ako. Achange akamira mumazaya echando.”

Heyo tsamba iripo, yaakandinyorera vhiki rapfuura, zvino ndakaiwana Chishanu, ndichipinda muno. Irimo mufaera izvozvi. “Hama Branham, Oscar kuwana mabhiza akamira mumazaya echando.”

<sup>95</sup> Kuti akararama sei, hapana anoziva. Ikoko, mukomana... Panguva ino yegore, Chikumi, kune chando chakawandisa ikoko kuchine mafiti 20 kana 30 emazaya echando akavapoterredza. Akagara sei ikoko munguva yechando, mumupata uyu? Oscar anogona kupinda kwaari, akapfeka shangu dzechando, asi, honguka, haakwanise kuisa shangu dzechando pabhiza rake. Asi akaawana, maererano neShoko raShe. Zvinogona kunzwicka sekupenga; chingozvitenda imwe nguva! Zvinoenderana nekuti madhaiza ako akamira sei.

<sup>96</sup> Zvino, harisungane nesangano. Rinongosungana neShoko chete. Asi kune vamwe vanhu munyika vanotenda Shoko iroro! Zvinototoro nati kubuditsa Mwenga iwoyo kubva pano, wakabatanidzwa, nokuti Mwenga neChikomba chinhu chimwe. Uye Mwari mumwe chete, uye Shoko ndiMwari! Rinofanira kusunganidzwa neShoko, uye Richakwevera Mwenga kubva mumasangano aya.

<sup>97</sup> Ehe, aida kunditorsopodza. Munoziva, zvinondiyeuchidza ndichitaura, mangwanani ano, pamusoro paMwari vakazvivanza seri kwematehwe, ganda remunhu.

<sup>98</sup> Kanyaya kadiki, uye zvino ndava kuvhara; ndine hurombo kuti ndakugarisai pano kwemaminetsi angangoita 45 zvino. Kune mumwe musha, musha weChikristu, uye pakanga paine...Ndakataurira izvi kumutsoropodzi uyu. Uye mumba umu maive...Vaitenda muna Mwari. Vaiva nemukomana mudiki ikoko, asi aitya dutu seachafa. Mheni, oo, aingotyiswa zvakanyanyisa. Aimhanya pasi pematafura, chero pai, paingopenya mheni.

Saka humwe husiku kwakauya dutu guru papurazi, nekwavaigara, uye miti ichivhuvhuta, nemheni ichipenya, nguva dzaenda mukati mehusiku. Amai vakati kuna Junior, ndokuti, “Zvinoka, Junior, iwe chikwidza kumusoro unorara.” Vakati, “Zvino, usatya. Enda kumusoro uko.”

<sup>99</sup> Saka Junior mudiki, akapfeka mapijama ake, akakwira masitepisi, ndokutarisa kumashure, achida kuchema. Akarara hake, ndokuedza kukotsira, akafugidza musoro wake. Haana kukwanisa kukotsira; mheni iya ichipenya nepahwindo. Saka akati, “Oo, amai,” akati, “huyai kuno murare neni.”

Zvino, vakati, “Junior, hapana chiri kuzokuvhiringa. Mheni iyoyo haikukuvadzi.”

Akati, “Asi, amai, huyai kumusoro kuno murare neni.”

<sup>100</sup> Saka amai vakakwira masitepisi ndokurara pamubhedha, najunior wavo. Ivo ndokuti, “Junior, mwanakomana wangu

muduku, amai vanoda kukuudza chimwe chinhu.” Vakati, “Junior, isu tiri mhuri yeChikristu. Tinotenda muna Mwari, uye tinotenda kuti Mwari vanotichengetedza mumadutu. Tinozvītenda izvozvo. Uye tinotenda kuti Mwari vanochengeta vari vaVo.” Uye vakati, “Ndinoda kuti utende izvozvo, Junior. Izvozvo, usatya. Mwari vanesu, uye Vachatichengetedza.”

<sup>101</sup> Junior akaita sekusazviteera kwechinguvana. Akati, “Amai, ndinozvītendawo, zvakare.” Akati, “Asi mheni iyo painenge iri pedyo chaizvo nehwindo, ndinoda kuti ndigunzwe Mwari uye ane ganda paAri.”

Saka ndinofunga kuti vazhinji vedu isu vakuru tinofungawo zvimwe chetezvo. Mwari, ane ganda paAri! [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Mwari, ane ganda paAri! Zvinogona kunzwika sekupenga, kunyika, asi zviri kukwevera vanhu vose kwaVari.

Ngatinamatei.

<sup>102</sup> Baba veKudenga, apo nyaya diki dze—dzezvītiko, uye dzimwe nguva dzinoitika nechikonzero. Uye zviri, asi zvakaita sekuvirima tingati, asi zvakadaro tinozvinzwisa mumutauro wazvakaitika nawo. Saka tinoKutendai, manheru ano, Ishe, kuti—kuti Mwari vanogona kuZviwanira hugaro matiri. Tinotenda kuti pakave nekuyanani swa kwakaitwa, Ropa reUyo akarurama, Jesu; Akanga ari huzaro hwaMwari, huzaro wehuMwari mumutumbi, zvekuti Akaradzika hupenyu hwaKe hunokosha; kwete kuti Akahutorerwa, asi akahuradzika nekuda, kuti tigoropafadzwa naYe muhuzaro weHupo hwaKe, mukubwinya kweShekina kwaAigara makuri; kuti mweya yedu icheneswe neRopa iroro, kuti Mweya Mutsvene mukuru pachaWo ugorarama matiri. Uye tinova vadzidzisi, vaporofita, nezvimwe zvakadaro, kuvanhu, kune avo, Ishe, vanoshaya; zvipo zvaMwari; Mwari pachaVo vachiratidza, vachipenyesa zvipo zvikuru zvaMwari, pamberi pezera rino rechimanjemanje.

<sup>103</sup> Uye chitaurwa chakakwasharara, Ishe, chokuva mupengo. Uye tinoziva, kuti muzuva rino, kuti zvinototoro imwe nguva apo nyika inopinda mune mamwe maitiro sezviri chechi nhasi, kungojoinha machechi matsva nemasangano matsva. Munhu anouya neShoko anotorwa semupengo, munhu anotopenga. Semuapostora mukuru Pauro, akadzidziswa kuva mudzidzi webhaibheri, muprisita, asi zvakadaro akati akava benzi, achiitira kubwinya kwaMwari. Akasiya dzidzo yake, kuti vanhu vagokwanisa...vateerere mashoko ake akakwenenzverwa. Asi akati haana kuuya nemashoko anoyevedza ehuchenjeri hwevanhu, kuti kutenda kwavo kuve mune izvozvo. Maendero akaita chechi kwazviri nhasi uno, sekuporofita kwaakaita, “Mushure mekunge ndaenda, mhumhi dzichapinda, dzisina kana tsitsi neboka.” Asi akati akauya kwavari, “musimba

nemukuratidzwa kweMweya Mutsvene,” kuti kutenda kwavo kuve muna Mwari. Baba, akava benzi, kunyika, kuziva Jesu.

<sup>104</sup> Ndizvo zvatiriwo nhasi uno, Ishe. Pane vanhu vagere pano vanotorwa semipengo, nokuti vakagadzirira kuvimba naMwari kuti vapodzwe, nemagumo avo aZiyendanakuenda. Vachiisa mukurumbira wavo panjodzi, mukuVanamata. VachiVatenda, vachiVarumbidza, nekupa rusununguko kumweya wavo, kunamata Mwari; vanotorwa semipengo. Asi Makataura, kuti, “Hu—hupenzi hwaMwari,” hunge isu tiri mapenzi, “hwakasimba uye hwakachenjera kupfuura huchenjeri hwemunhu; nokuti munhu, nehuchenjeri, haana kuziva Mwari. Asi kubudikidza nehupenzi hwekuparidza, zvakafadza Mwari kuponesa avo vaigona kuponeswa.” Tinonamata, Mwari, kuti Munyori mukuru weShoko rino auye manheru ano agopodza vanorwara, oponesa vakarasika. Tinozvikumbara muZita raJesu. Amen.

<sup>105</sup> Ndiri kufananidza Mwari, kuti murege kukanganisika pane zvandataura nhasi; Mwari iDhaimani guru, raZiendanakuenda.

Uye kana dhaimani raburitswa kubva mumatombo ebhuruu ekuAfrica, ndakambovako kumigodhi yacho uye ndikaaona mune zvikuru...magadziriro avanozviiita uye voburitsa madhaimani aya, kuti anopfura sei nemuchigayo, uye madhaimani makuru ebhuruu, madhaimani matema akabuda. Haana chimiro chakanyanya, chimwewo chimiro. Anongova dombo guru. Uye, chaizvoizvo, haana moto maari panguva iyoyo. Anongova dhaimani, dombo; rakaita denderedzwa, akaurungana, mazhinji awo. Asi dhaimani iri rinofanira kuchekwa. Zvino, hazvisi pamutemo kuva nerimwe risina kuchekwa. Rinofanira kuchekwa, zvakare unofanira kuva nerisiti kwawakaritenga, nokuti mune mamiriyoni emadhura maari.

Uye ndinofananidza Mwari nedhaimani iroro.

<sup>106</sup> Zvino, dhaimani rinochekwa kuti riratidze zviri mukati maro, moto uri mudhaimani. Uye rinofanira kuchekwa nenzira diki yese, chimiro chidiki chese, makona 3. Isa makona 3 kudhaimani, uye chiedza chakavheneka pachinhu chine makona 3 chinoburitsa mavara 7, munooona, zvinogadzira mavara 7.

<sup>107</sup> Uye zvino cherechedzai, “Mwari vakakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, vakaiswa mavanga nokuda kwekusarurama kwedu.” Munooona, Vakachekwa, vakakuvadzwa, Dhaimani guru riya, kuti kubva kwaVari varatidze zvipo kuChechi.

Uye hachisi chiedza; nokuti, chiedza chinofanira kuti chidzoke, kana zuva rabva pariri, kune pacho parakachekwa.

Asi chidimbu chidiki chega-chega chinobva pakucheka uku hachiparadzwe; chinotoshandiswa. Zvizhinji zvacho zvinogadziriswa tsono dzeVictrola. Uye tsono idzodzo

dzinoburitsa, dzakachekwa kubva padhaimani, dzinoburitsa mumhanzi wakaiswa parekodhi.

<sup>108</sup> Uye ndinovimba munoona zvandiri kureva. Chidimbu chinobva pana Kristu, chipo chinobva pana Kristu, chikaiswa paBhaibheri, chinotaura zvakavanzika zvakavanzwa zvaMwari kumutendi. Anoziva chakavanzika chemoyo. Anoziva munhu wese. Munozvitenda here?

Haringave dhaimani richiti, “Muri kuona zvandiri?” Ndeicho charakabva machiri. Dhaimani idhaimani nekuti rakabva padhaimani.

<sup>109</sup> Uye ndizvo zviri zvipo zveMweya, a . . . kumunhu, chikamu cheDhaimani iroro. Rakatumwa, uye rikaunzwa zasi, uye rikaunzwa muchipo, kuzodudzira, kuzoparidza, kuzodzidzisa. Pane zvipo 5 zveMweya; vaapostora, vaporofita, vadzidzisi, vafudzi, vavhangeri, uye vose ndevokusimudzira Mutumbi waKristu. Uye sekungovawo nevadzidzisi, vafundisi, kunofanira kuva nevaporofita. Tinozviziva.

<sup>110</sup> Uye tinotenda kuti Mwari vacharatidzwa muzuva rekupedzisira, pakati pevanhu vaVo, kuMbeu yakasanangurwa, maererano neBhaibheri, muchimiro chemuporofita. Ndizvo chaizvo maringe neShoko. Kwete kuti munhu wacho ndiMwari, asi kuti chipo ndicho Mwari. Maona? Zvino ndiyo tsono yacho.

Zvino, pini haizoridza rekodhi iyoyo zvakanaka. Tsonowo zvayo yekusonesa haizoriridze zvakanaka. Asi dhaimani, ndiro rakanakisisa racho. Rinorwuburitsa rwakanyatsojeka, tsono ine muromo wedhaimani.

<sup>111</sup> Dai Mwari, manheru ano . . . Rekodhi rako rehupenyu, chero chii chisina kumira zvakanaka pauri, chero chipi chauri kushuvira kubva kuna Mwari, dai Tenzi mukuru Akabata tsono iyi muruoko rwaKe, dai Akaiisa muhupenyu hwako uye ozarura kwatiri zvawuyira pano, zvauri kuda; zvino tinobva taziva kuti iYe ari pano.

<sup>112</sup> Baba veKudenga, Mungazviitawo here ndisati ndatanga mutsara uyu wekunamatira vanorwara, ndisiri kuvavarira kuita izvi, asi Mungazviitawo here, kuti vanhu vagoziva. Kungava nevaenzi pano vanoda kunamatirwa. Handivazive, asi Munovaziva. Zvino Pauro akati, “Kana mukataura nendimi, pasina dudziro kana kupa zvinosimudzira, vanhu vachati munopenga. Asi kana mumwe akaporofita uye ozarura zviri pamwoyo, zvino vachati, ‘Chokwadi Mwari vanemi.’” Ngazviitike zvakare, Mwari, munguva ino yekupedzisira. Makazvivimbisa, uye zvichava saizvozvo. MuZita raJesu Kristu. Amen.

<sup>113</sup> Zvino handizive kuti vangani vanorwara vari muno manheru ano, vari pano? Kana kuti Billy apa here emunamato . . . ? Pane makadhi ekunamatirwa apihwa here? [Hama dzinoti, “Hongu.”—Mupepeti] Aripo. Zvino, ndinofunga kuti munhu wose anorwara

ane kadhi rokunamatirwa, asi handizive zvamanyora pariri. Ndinofunga anongokupa kadhi; unonyora zvaunoda pariri. Ndizvo here? Wangowana kadhi; unoisa pariri chero chaunoda.

<sup>114</sup> Handikuzivei. Vangani pano vanoziva kuti handikuzivei, asi zvakadarwo muchirwara, uye mungataura izvi, “Zvandanzwa muchitaura nhasi, ‘Mwari vari kuseri kwematehwe. Mwari vari seri kweganda remunhu, VakaZvifukidza’”? Asi kana uine maziso emweya, unogona kuvhura nekuVaona, woona kuti iVo ndiAni. Uye zvitende izvozvo. Jesu akati, “Uyo anotenda maNdiri mabasa aNdinoita naiye achaitawo zvakare; achaita anopfuura aya, nokuti Ndinoenda kuna Baba.” Zvino, kana uchitenda nemoyo wako wose!

<sup>115</sup> Vangani muno vari kurwara, uye vachiziva kuti handikuzivei, kuziva chiri kukunetsai? Ingosimudza ruoko rwako, uti, “Ndiri kurwara. Ndine chandiri kuda.” Vangani vane zvisuwu mumoyo mavo, vasiri kurwara, asi vane zvisuwu? Munoziva zvandiri...Zvakanaka. Hapana munhu apo, wandaona, kunze kwevasimudza ruoko rwavo. Zvino, handizivi... .

<sup>116</sup> Ndinoziva murume agere pano. Ndine chokwadi chekuti ndiHama James, uye ndinofunga kuti avo ndiHanzvadzi James. Hama Ben, ndinoziva. Zviso zvenyu chete, dzimwe nguva; hama iri kutora mifananidzo. Asi izvo... .

Regai mumwe munhu ari kumashure uku, chero kupi zvako, chingo... .Ndi—ndi—ndinokudenhai neizvi, pahwaro, uye pakuvhara Mharidzo ino.

<sup>117</sup> Munoziva here kuti Mwari vakavimbisa kuti izvi zvichaitika mumazuva okupedzisira? Vakaita vimbiso. Maona? Zvino handikwanise kuita kuti zviitike. Munoon, ini—ini handikwanise kuita izvozvo. Ndivo vanotofanira kuita izvozvo. Ivo ndiVo Vanozviita; kwete ini. Asi ndinotenda maVari, kana kuti handaizenge ndakamira pano ndichikuudzai chimwe chinhu chandisingatendi machiri. Zvino, iwe namata, uye woti, “Ishe Jesu, ndinodzidziswa muBhaibheri kuti Muri Muprisita Mukuru izvozvi, anogona kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu.” Handina basa nekuti uripi. Uye ingoti, “NdinoKutendai. Uye, nokutenda, ndinotenda zvataurwa nemurume uyo nhasi.”

<sup>118</sup> Ndizvo zvakaudzwa neNgirozi, “Ita kuti vanhu vakutende.” Uye kana ndikataura Shoko raMwari, hakusi kuti “nditendei,” kuti “tendai Shoko.”

Kana zvisiri neShoko, saka musazvitenda. Asi kana muchitenda kuti iShoko, zvino, chero zvazvingava, imi namatai uye motenda, uye moona kana Achiri kukwanisa kuzarura zviri mumoyo menyu.

<sup>119</sup> Uye chero ani zvake anoziva kuti Bhaibheri rakati, iro, “Shoko raMwari rinopinza kukunda munondo unocheka



nemativi maviri, uye rinonzvera mifungo nezvinangwa zviri mumoyo.”

Ndiwo maziviro akaita Abrahamama kuti vaiva Mwari, paVakakwanisa kutaura zvakarehwa naSara seri mutende, zvaafunga nezvazo; paVakati, “Ndichakushanyirai,” uye Sara akafunga mumoyo make kuti, “Hazvingagoni kudaro.”

<sup>120</sup> Zvino, ndati Vari pano kuzokupodzai. Munofungei nezvazo? Kana mukangotenda! Zvino, handikwanise, handina imwe nzira; Baba veKudenga vanozviziva. Maona? Ndinotongofanira kuzviona. Uye zvandinooona, ndinotaura; uye zvandi—ndisingaoni, honguka, handikwanise kutaura. Asi Vachingori Mwari! Zvingawedzera kutenda kwenyu here, kana Vakazviita?

Kuparidza saizvozvo, zvinoita sekundivhiringa zvisihoma. Asi Vari pano. Ndiri kuzviziva izvozvo.

<sup>121</sup> Ndakatarisa murume achikotamisa musoro wake, kumashure *kuno* chaiko. Mudzimai wake akagara pedyo naye, achinamatawo, zvakare. *Pano* chaipo. Mune chimwe chinhu pamwoyo wenyu. Mudzimai wenyu, ari kunamata. Mune mutoro pamoyo wenyu. Ndewa ambhuya wenyu. Ndizvozvo. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza chiri kunetsa ambhuya wenyu? Handikuzivei. Tiri vatorwa mumwe kune mumwe. Saka ndizvozvo here? Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti chii chiri kunetsa pavari? Havasi pano. Ndinoona chindhambwe chikuru; vari kumabvazuva kubva kuno. Vari muOhio. Ndizvozvo. Vari kutambudzika nechinhano cheropa. Itai kuti mudzimai wenyu atore hengechepfu iyoyo apo, yavari kuchemera pairo, ogoisa pavari. Musapokane; vachapora. Munotenda izvozvo?

<sup>122</sup> Heuno mudzimai mudiki akagara pano chaipo pamberi pangu. Ari kuchema. Pane chakakanganisika pamwana uyu, handizive...Kwete, hapana chakakanganisika. Vanongova nechishuwo chete. Vari kushuvira kugamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. IZVANZI NAJEHOVHA. Tenda, mwana, uchaUgamuchira. Ndizvozvo. Usapokane.

<sup>123</sup> Heuno mudzimai agere kunze uku kumucheto kwemutsara. Ari kunamata. Ndiri mutorwa kwaari, asi ane mumvuri paari. Makaitwa maoparesheni. Kana tiri vatorwa mumwe kune mumwe, ndinodaira kudaro. Handikuzivei. Hamundizive, zvichida makangonzwa nezvangu chete. Hamusi vekuno. Muri muyeni pakati pedu. Munobva kuWisconsin. Guta racho iMilwaukee. Uye dambudziko renyu ikenza; iri pazamu. Oparesheni mushure meoparesheni, asi zvakadaro pasina kubudirira. Regai kutenda, kwakabata mupendero wehanzu yaKe, kwazvitenda iko zvino. Kwozvinyudza mumoyo menyu; zvichaitika. Ivai nekutenda!

<sup>124</sup> Murume akagara pakona pano. Ari kunamatira amai vake. Mutorwa kwandiri. Handimuzive. Asi ari kunamatira amai vake. Uye amai vake vane chinhu chimwe chete chine mudzimai uyu, ikenza. Kana kuti, vari kuitya, zvainova iri iyo. Pane murume wamuri kunamatira, uye murume iyeye ane dambudziko nemusana wake. Ariwo, zvakare, ndiri kumuona akadhakwa. Chidhakwa. Mukoma wenyu. Hamusi vekuno. Munobva kuIllinois. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti zita renyu ndiani? Farmer. Ndizvo here? Simudzai ruoko rwenyu. Tendai!

<sup>125</sup> Pane mumwe munhu akapfugama pane mumwe munhu, achinamata, mumwe akarara panhowo. Zvakanaka. Munotenda here zvamanzwa, kuti iChokwadi, amai? Munodaro. Dai ndaigona kukupodzai, ndaiuya ndozozviita. Asi makatopodzwa kare naKristu, munoona. Munotongofanira kuzvitenda chete. Mudzimai uyo akamira apo, achinamata, anga achikunamatirai kuti mubatwe. Handikuzivei, asi Mwari vanokuzivai. Munobva kunze kweguta, zvakare. Ndizvozvo. Munobva kuIllinois. Ndizvozvo chaizvo. Guta rinonzi East Moline, Illinois. Munotambudzika nekenza. Muri mudzimai wemushumiri. Munotenda here? Munofa, makarara ipapo. Madii maMugamuchira manheru ano, uye moti, “Ndinokwanisa, mumwoyo mangu, nokutenda kwangu pamusoro pechinhu chipi nechipi chiri pano, ndinotenda kuti ndapodzwa. Ndiri muHupo hwaMwari.” Simukai, tendai, muende kumba mugopodzwa. Havoka avo.

Munotenda here nemoyo yenyu yose? Ngatirumbidzei Mwari.

<sup>126</sup> Baba veKudenga, tinoKutendai nekunaka kweNyu kwose netsitsi. TinoKutendai, nokuti, Muchiri pano, pakati chaipo pedambudziko rose iri. Munyika ino yakatsveyama, zvakadaro muri pano. Regai Mweya weNyu, Ishe, ugare nesu nguva dzose. Tinoona kuti Muri pano, Mwari vane ganda pavari, mumwoyo yevanhu; muchipa kutenda, nechizaruro, nechiratidzo. Muri Mwari muChechi yeNyu, Mwari muvanhu veNyu. TinoKutendai nokuda kweizvi, Ishe. Uye dai munhu wose atenda, manheru ano, nomwoyo mumwe, uye dai vakapodzwa. Kubudikidza neZita raJesu Kristu, ndanamata. Amenii.

<sup>127</sup> Vangani neche uko vane makadhi ekunamatirwa, kudivi *iro*? Regai vari kudivi *iro*, vadzokere shure, vauye nepakati chaipo penzira *ino* yepakati pemacheya. Avo vari munzira *iyi* yepakati pemacheya, nyatsouyai nenzira *iyi*, ingotorai nzvimbo yenyu, nyatsouyai nenzira *iyi*. Regai avo, ava vachingopera, mutsara *uyu* ngaubate divi rinotevera racho.

<sup>128</sup> Vakuru huyai kuno. Hama Roy, Ishe vakuropafadzei; handina kuziva kuti manga makagara ipapo. Ndiri kuda madhikoni echechi pano nekukasika, kana vachikwanisa

kupinda kubva chero kwavanenge vari. Huyai kuno kuzobatsira zvishoma.

Ndinoda kuti mumwe nemumwe achanamatirwa, simudza ruoko rwako, utaure izvi mushure mangu:

Ishe, ndinotenda, batsiraiwo iMi kusatenda kwangu. Ndinotenda, kuti muHupo hweNyu, ndichitevera Shoko reNyu, nerangu . . . maoko akaiswa pamusoro pangu manheru ano, ndiri kuzogamuchira kupodzwa kwangu, muZita raJesu. Amen.

<sup>129</sup> Mwari vakuropafadzei. Zvino tarisai, “Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.” Vakaudza Nowa kuti kwaizonaya. Harina kumbo . . . Havana, zvino, Havana kumboti, “Uchingobva mu—mukunamatirwa, uchabva watopora.” Vakati ivo, “Vachapora.”

<sup>130</sup> Vakaudza Nowa kuti kwaizonaya. Hakuna kumbonaya kwemakore 120, asi kwakanaya.

Vakaudza Abrahamama kuti aizova nemwana naSara. Hazvina kumboitika kwemakore 25, asi vakazova naye.

Vakaudza Isaya kuti mhandara yaizobata mimba. Hazvina kumboitika kwemakore 800, asi yakazobata mimba.

Ndizvo here? Vakazvivimbisa! Hazvina mhosva kuti zvinotora nguva yakareba sei, Vanozviita, zvakadaro. Zvitendei izvozvo.

<sup>131</sup> Huyai kumberi zvino. Regai Hama Capps vatungamirire kuimba. Muchafambisa makadhi here? Zvino munhu wose ngaave mumunamato zvino.

<sup>132</sup> Baba vedu vari Kudenga, tichateerera mirairo yeNyu nekuisa maoko pamusoro pevanhu ava vanorwara. Handizivi chimwezve chinhu chaMungaita, Ishe, nokuti Makataura, muShoko reNyu, Makatenga kupodzwa kwavo. Maratidza kuti Muri pano nesu manheru ano, Shoko rinokwanisa kunzvera pfungwa dziri mumoyo. Mazviratidza, kuti Muri pakati pedu. Uye ndinokukumbirai, iMi, Baba, kuti Shoko reNyu, risingagoni kukundika, rigoitwa mazvirokwazvo chaiwo kumoyo wogawoga! ZvaMakataura kuti, “Kana uchigona kuzvitenda; usapokane, asi kuzvitenda; iti kugomo iri, ‘Suduruka,’ uye usapokana, asi wotenda kuti zvichaitika!” Haana kutaura kuti rinhi.

<sup>133</sup> Makaudza vanhu, paPentekosti, kuti vaende kumusoro ikoko vonomirira. Hamuna kumbotaura maawa, mazuva; Makati, “kusvikira.” Zvino vari kuuya kuzogamuchira kupodzwa kwavo. Dai vakasambofunga nezvechimwe chinhu zvakare kusara kwekuti vapodzwa, kusvikira rudzikinuro rwauya. Tiri kuKuteererai nekuturika maoko, pamusoro pavo, sevatendi. MuZita raJesu Kristu. Amen.

134 Zvakanaka, huyai nepano zvino. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]...mapodzwa. Mwari vakuropafadzei. Pfuurirai mberi chaiko. Zvakanaka...?...[Chibenga chisina chinhu patepi.]

Zvinhu zvose zvinogoneka, tenda chete;  
Tenda chete, tenda chete,  
Zvose . . .

Ishe Jesu, ndinonamatira mahengechepfu aya zvino, muZita raJesu Kristu. Amen.

Handizivi kana tikagona kushandura mashoko acho:

Zvino ndinotenda, iko zvino ndinotenda,  
Zvinhu zvose zvinogoneka, zvino ndinotenda;  
Zvino ndinotenda, zvino ndinotenda,  
Zvinhu zvose zvinogoneka, zvino ndinotenda.

135 Munotenda here kuti izvo zvakumbirwa nezvashuvirwa zvichapihwa? Zvichaitika.

136 Ndaona, pachipfuura nemumutsara nguva shoma yapfuura, dzimwe shamwari dzangu dzechiTariyana dzekuChicago. Vangani vanoziwa Hanzvadzi Bottazzi vanobva kuChicago? Zvino, munoziva, vakanga vane ku—kukanganisika kwenjere, mupfungwa nguva pfupi yapfuura, kwakaipisisa, zvakanyanya. Asi mangwanani muChicago pakudya kwemangwanani kweChristian Business Men, ndakaudza hanzvadzi iyi, ndiri pasi pekufemerwa neMweya Mutsvene. Vakauya kumashure kune rimwe divi, zvino vaisakwanisa kunge vachizvibata vakagadzikana. Zvino ndakati, “Hanzvadzi, hamusi kuzozvikurira ipapo-ipapo, asi muchapora henyu.” Ndakati, “Ingava mwedzi 18, kana makore 2, mukati menguva iyoyo munenge mapora.”

137 Rimwe zuva ndichitaura navo...Ndakavanzwa vachipupura, vachifara zvikuru, kufarisisa kwavasati vambova nako muhupenyu hwavo hwose. Vakanga vachifamba nemotokari. Vakanga vasina rugare, zvaiita sekuti Hupo hwaMwari hwainge hwabva pavari; honguka, kwaiva kukanganisika kwepfungwa, munoziva; zvino nenguva isipi hwakadzoka nomufaro mukuru, zvino simba reMweya Mutsvene rakava pamusoro pavo. Vakahwihwidza, vakachema, va—vakange vane...Vakava nenguva yakanakisa, anenge mavhiki 3 kana 4 akapfuura, kana mwedzi. Zvino ndakavanzwa vachipupura, Svondo iri kuseri kweyakapfuura, ivo ndokuti, “Hama Branham, pandakadzoka, ndakazvinyora pasi ndokutora tepi yacho. Zvino yakanga iri mwedzi 18 chaiyo-chaiyo, kusvika pazuva racho.” Amen.

MunoMuda here? HaAshamisi here?

138 Zvino, Mweya Mutsvene mumwe chete unogona kufanotaura chaizvo, pasina kana kupotsa, makore ose aya; uye, kubudikidza

neShoko raKe, aedza kukuzarurirai nhasi kuti Mwari havasi chimwe chinhu chiri kure kana chimwe chinhu chenhoroono. Ivo vapenyu, munguva yazvino, Shoko raVo richiratidzwa. VakaZvivanza muchidzitiro chemunhu, muChechi yaVo, vachiZvizarura nokutenda kwenyu nokutenda kwangu, pamwe chete, tichiuya pamwe chete, tichigadzira chinhu chimwe chaMwari. Handigoni kuita chinhu pasinemi; hamugoni kuita chinhu pasineni; uye hapana chatinogona kuita pasina Mwari. Saka, pamwe chete zvinogadzira chinhu chimwe, kubatana. Mwari vakandituma nokuda kwechinangwa; munozvitenda; zvino hezvoka zvoitika. Ndizvozvo chaizvo, munoono, zvakasimbiswa zvakakwana.

Handina basa kuti dambudziko renyu nderei, kana kuti mumwe munhu akati kudii; kana, kubva mumwoyo mako, uchitenda kuti uchapora, hapana chingambozvimisa. Vakataura kudaro. Uye Vakati, “Denga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harikundike.” Munozvitenda here?

<sup>139</sup> Vangani vachandinamatira mune mimwe misangano pandinenge ndichienda? Ndini wacho chaiye anoda munamoto. Maona? Munhu wose andiramba, munoono, kunze kwenyu, asi zvakadaro kune Mbeu kunze uko.

<sup>140</sup> Ndakatumira tsamba kuSouth Africa. Havana kunditendera kuti ndiuyeko kunze kwekunge ndasaina pepa rekuti “ndaizobhabhatidza, ndiri ikoko, munhu wese ka 3; kamwe kuna Baba, nekamwe kuMwanakomana, neMweya Mutsvene, kunyudza nekumberi. Kune rimwe divi, ndaizobhabhatidza nemanhede, kamwe kuna Baba. . . Uye ndodzidzisa kuti ndiyo yaiva Dzidziso yacho.”

Ndakavanyorerera tsamba. Ndakati, “Mweya Mutsvene wanga uchiedza, kwemakore mashoma apfuura, kundiunza muAfrica zvakare. Ari kuda kushandisa shumiro yangu ikoko uko 30,000 vakagamuchira Kristu mamwe masikati.” Ndakati, “Rangarirai, ropa remweya iyoyo ngarive pamusoro penyu, kwete pamusoro pangu. Ndakazvipira kuti ndiuye, asi imi hamuna kuda kuzviita.”

Handizivi kuti zvichava chii muzuva rino apo Jesu, Mwanakomana waMwari adzingwa kubva muchechi, Shoko rarambwa? Asi mune—mune zvose izvozvo, Achiri kuZvizivisa kuvanhu vaKe. Hamutendi here nekuda kwazvo?

<sup>141</sup> Zvino ndapfuura nepo, manheru ano, ndikaisa maoko angu pamusoro pavo, mamwe madzimai echikuru, vamwe vechidiki, vamwe vechikuru, vamwe varume vechidiki, varume vechikuru, vakangotota sezvandiri. Ndafunga, “Vagere ipapo, vagere ipapo vachiteerera kuShoko iro nyika yose inofunga kuti hupenzi.” Maona? Ndivo—ndivo bhaudhi racho. Munoono, Mwari vari pano kuti varisunge, vakubuditsei kubva muhurwere hwenyu. Ivimbiso yeShoko. Ingorangarirai,

richatanga kubata zvakasimba, “Ndichavakweva; kana Ndikasimudzwa, Ndichavakweva.” Vanozvibvisa kubva mauri. Chokwadi vachazviita. Iwe ingoVatenda, iva nokutenda maVari. UsamboVapokana bodo. Iwe Vatende.

<sup>142</sup> Ndinamatireiwo. Kana musina mumwezve munhu wokunamatira, ingondirangariraiwo. Uye zvakare:

Kusvikira tasangana! kusvikira tasangana!

Kusvikira tasangana . . .

Maita henyu nekuuya nzira dzakareba idzodzo. Mwari vakuchengetei pamunoenda kumba!

Kusvikira ta . . .

Kwazisai Makristu ese, muvape kwaziso, kubva kuboka iri riri pano. Rugare rwaMwari rwuve pamuri! Rugare!

Mwari vave nemi kusvikira tasangana  
zvakare!

[Hama Branham vanoimba mahon’era kuti *Mwari Vave Nemi—Mupepeti*]

. . .kusvika tasangana!

. . .patsoka dzaJesu;

Kusvikira tasangana! kusvikira tasangana!

Mwari vave nemi kusvikira tasangana  
zvakare!

<sup>143</sup> Ndinofara zvikuru. Munoono, pane zvimwe, zvinhu zvakawanda zvandisingazive, asi pane zvimwe zvinhu zvandinoziva. Ndinotenda zvikuru nekuda kwenyu. Ndinofara kwazvo kubatanidzwa nemi. Ndinofara kwazvo kuva mumwe wenyu. Mwari vave nemi. Vachazviita. Havambofa vakakusiyai. Havambofa vakakurasai. Havasi kuzokusiyai. Matopamura muchipinda nemuchidzitiro zvino. Maona?

<sup>144</sup> Ndinofara zvikuru manheru ano kuona Hama Palmer, mumwe wevafundisi vanobata pamwe nesu vari pano apa, vanobva kuGeorgia. Hama Junior Jackson vari muchivakwa pane imwe nzvimbo, mukona kumashure, tinofara kuva navo. Hama Don Ruddell vagere neche apa. Oo, vakawanda kwazvo! Handizive, kana ndasiirira mumwe munhu . . . Hama Ben Bryant vari pano, nevamwe vazhinji vari pano, hama yakanaka, Willard Collins. Tinofara zvikuru kuva nemi mose pano.

Hameno kana tingambosimuka netsoka dzedu, kwekanguva zvino. Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

Kusvikira tasangana!

Kusvikira tasangana patsoka dzaJesu;

(Kusvikira tasangana!)

. . .kusvikira tasangana!

Mwari vave nemi kusvikira tasangana  
zvakare!

<sup>145</sup> Unonzwa kuva pedyo ikoko kwekuwadzana neMweya here?  
Ngatirwuimbei mahon'era.


Ndacherechedza Hama McKinney, vanobva kuOhio, vanesu. Hama John Martin nemukoma wavo. Tinofara zvikuru kuva nemi mose. Ndingatadze kukuonai, hama. Vanokuzivai.

Kusvikira tasangana!

Dai moyo wangu newenyu, nemooyo waMwari, zvava chimwe kusvikira tasangana!

(Ndinoda kukumbira mumwe munhu kuti atiparadzanise...?...) )

<sup>146</sup> Takakotamisa misoro yedu tichinamata, kuedza kuita kuti mushumiri wese azive kuti tinofara kuti vari pano, ungoro yose, imi vanhu vanobva kuTennessee, Ohio, nemunyika yose. Mamwe madzimai andasangana nawo uko nhasi, nzira yose kubva kuBoston. Hama dzedu dzechitema dzanga dziri pano, mangwanani ano, kubva kumusoro ikoko zvakare. Vazhinji vanobva kumativi akasiyana enyika; ndinokutendai, shamwari yangu inodikanwa yakavimbika. Mwari vave nemi. Ndinokudanai kuti shamwari yangu. Rangarirai zvakataurwa naJesu pamusoro paizvozvo? “Iri pedyo kupfuura hama,” ehe, shamwari.

<sup>147</sup> Tichikotamisa misoro yedu zvino (Kusvikira tasangana zvakare mumazuva mashoma anotevera, Mwari vave nemi.), ndichakumbira hama yedu yakanaka, yakavimbika, Hama Richard Blair, kuti vatiparadzanise neshoko remunamato, Hama Blair. 

64-0614E Munhu Asinganzwisisike  
Branham Tabhenakeri  
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)